

## Good Cause for Nonpayment | Gid pou aplikan nan inite sibvansyone

Aplikan nan Seksyon 8, MRVP, lojman piblik, oswa lòt inite sibvansyone dwe bay prèv third-party de good cause pou chak mwa lwaye ki pa t peye. Sa ka aplike tou pou inite LIHTC/kredi taks lè lwaye kay la redui selon revni. Nan ka sa yo, yo ka trete inite a kòm sibvansyone epi yo ka mande prèv good cause.

Dokiman yo dwe matche ak mwa lwaye yo pa t peye a/yo epi montre yon difikilte finansye inatandi oswa yon lòt rezon good cause ki kalifye. Sèvi ak egzanp ki anba yo kòm gid. Metro ka mande plis dokiman selon ka a.

Difikilte finansye	Kijan sa ka parèt?	Dokiman ki nesèsè kòm prèv
<b>Depans medikal resan e inatandi</b>	Ou te oblije peye bòdwo medikal oswa yon pwosedi san ou pa t atann sa pou tèt ou oswa pou yon moun ou pran swen.	Bòdwo medikal ak prèv peman
<b>Reparasyon machin resan e inatandi (pa peman chak mwa)</b>	Ou te oblije peye pou ranje machin ou oswa lòt transpò ou sèvi pou travay oswa lavi chak jou.	Fakti mekanisyon oswa bòdwo reparasyon ak prèv peman
<b>Pèt travay oswa pèt revni ki rive san atann</b>	Ou pèdi travay ou oswa yon lòt sous revni, tankou child support ou resevwa.	Lèt chomaj, lèt fen travay, oswa fich peman ki montre revni ki pi ba. Tanpri sonje: ou dwe rapòte pèt revni an bay otorite lojman an oswa founisè sibvansyon an. Ou dwe bay prèv desizyon yo sou pati lwaye ou a anvan RAFT ka apwouve. Se pa tout rediksyon revni ki lakòz yon rediksyon nan pati lwaye a.
<b>Revni pi ba pase nòmal</b>	Ou toujou ap travay, men ou gen mwens èdtan pase nòmal.	Fich peman ki montre revni ki pi ba. Tanpri sonje: ou dwe rapòte pèt revni an bay otorite lojman an oswa founisè sibvansyon an. Ou dwe bay prèv desizyon yo sou pati lwaye ou a anvan RAFT ka apwouve. Se pa tout rediksyon revni ki lakòz yon rediksyon nan pati lwaye a.
<b>Depans swen timoun resan</b>	Ou gen depans swen timoun ki fèk kòmanse oswa ki vin pi wo pase nòmal.	Fakti swen timoun ak prèv peman
<b>Depans fineray ki rive san atann</b>	Ou te oblije peye depans fineray pou yon moun ou renmen san ou pa t atann sa.	Fakti kay fineray la ak prèv peman
<b>Lanmo nan fanmi an ki lakòz pèt travay oswa revni</b>	Ou te oblije pran konje apre yon pèt nan fanmi an, men travay ou pa bay tan dèy oswa tan ou te pran an pa t peye.	Fich peman ki montre mwens èdtan pase nòmal oswa lèt patwon an ki di pa gen tan dèy
<b>Peman frè lekòl</b>	Ou te oblije peye frè lekòl oswa frè fòmasyon pwofesyonèl ki obligatwa nan pòch ou.	Bòdwo frè lekòl ak prèv peman
<b>Gwo peman sèvis piblik pou evite koupe</b>	Ou te oblije peye yon gwo kantite sou yon bòdwo sèvis piblik ki anreta pou anpeche yo koupe sèvis la.	Prèv peman oswa dènye bòdwo sèvis piblik la ki montre istwa peman an
<b>Sitiyasyon ki gen rapò ak vyolans domestik</b>	Ou te fè eksperyans vyolans domestik. Sa ka gen ladan bezwen peye lwaye pandan w ap peye pou yon rete tanporè nan otèl, chanjman kle, domaj nan inite a, èd legal, oswa lòt depans sekirite.	Deklarasyon pèsònèl, rapò lapolis, deklarasyon yon defansè oswa yon temwen, oswa prèv peman pou rete tanporè nan otèl, chanjman kle, domaj nan inite a, avoka, elatriye
<b>Difikilte ki gen rapò ak andikap</b>	Aplikan an te fè fas ak yon difikilte ki gen rapò ak andikap ki te afekte dirèkteman kapasite li pou peye lwaye a.	Lèt yon pwofesyonèl medikal ki konfime andikap la epi eksplike kijan difikilte a te afekte kapasite pou peye lwaye, oswa yon lèt Good Cause ki soti nan yon ajans Tenancy Preservation Program (TPP) si aplikan an se kliyan TPP nan moman aplikasyon an. Dokiman sipò a pa oblije revele andikap la.

Rapèl enpòtan: deklarasyon pèsònèl poukont yo ka pa ase nan tout ka yo. Lèt doktè oswa lèt defansè ka ede, men yo ka toujou mande prèv finansye ki sipòte yo. Inite kredi taks yo ka bezwen revizyon adisyonèl pou detèmine si règ sibvansyon ak good cause yo aplikab.